

RINGKEUSAN

Kapilihna Arab Saudi minangka Pupuhu *Commission on the Status of Women* (CSW) dina bulan Maret 2024 nimbulkeun kontroversi global. Ieu disababkeun ku rékam jejak panjang diskriminasi gender di Arab Saudi, kaasup sistem wali lalaki, watesan kabébasan individu, nepi ka represi ka aktivis awéwé. Sanajan aya sababaraha réformasi ngaliwatan program Visi 2030, sapertos dicabutna larangan nyetir pikeun awéwé, tapi kénéh aya halangan struktural jeung hukum diskriminatif anu ngawatesanan hak-hak awéwé.

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nganalisis kasaluyuan antara simbolisme kapilihna Arab Saudi salaku Pupuhu CSW jeung éfektivitas advokasi hak-hak awéwé di jero nagara, ogé nalungtik réspon jaringan *International Non-Governmental Organizations* (INGO) HAM saperti Amnesty International, Human Rights Watch, UN Watch, jeung ALQST.

Métode anu dipaké nyaéta kualitatif ku cara studi pustaka. Analisis ieu ngagunakeun téori feminismé liberal, anu nekenkeun pentingna réformasi hukum jeung institusional pikeun ngahontal kasetaraan gender, ogé téori konstruktivisme anu ngajelaskeun kumaha norma, idéntitas, jeung interaksi internasional mangaruhan kabiasaan nagara jeung persepsi global.

Hasil panalungtikan nunjukkeun yén kapilihna Arab Saudi salaku Pupuhu CSW leuwih katingali minangka usaha simbolis pikeun ngaronjatkeun citra internasional tibatan jadi pendorong parobahan nyata di jero nagara. Réspon ti INGO HAM nétélakeun yén aya jurang antara representasi global jeung réalitas domestik, sarta negeskeun yén advokasi transnasional tetep penting pikeun ngadorong réformasi anu leuwih substansial. Ku kituna, posisi Arab Saudi di CSW ngagambarkeun ambiguitas antara légitimasi internasional jeung halangan struktural domestik pikeun ngahontal kasetaraan gender.

Kecap Konci: Arab Saudi, Commission on the Status of Women (CSW), Hak Asasi Awéwé, INGO HAM, Kasetaraan Gender.